Douz Prensip Bwa Kayiman : The Twelve Bwa Kayiman Principles. Pierre Michel Chery. [Tradiksyon de kreyòl a anglè | Translation from Haitian Creole to English Emmanuel W. Védrine].

DUGÉ, Jean Armoce [Né à Maniche (Sud d'Haïti), le 30 août 1964. J. A. Dugé est professeur de communication française à l'enseignement supérieur et de littérature dans le secondaire. Animateur, auteur d'articles sur la littérature, la culture et l'histoire, il a été, entre autres, intervenant au Colloque international Paul Claudel à York University en octobre 2005. -- Primé lors du concours *Les Belles provinciales* avec son texte *Entre lune et miel* qui fut publié dans le *Nouvelliste* (2000), cité dans plusieurs anthologies notamment *Anthologie de la littérature haïtienne du 20^e siècle* (Ed. mémoire d'Encrier, Montréal, 2001), les œuvres poétiques de Dugé font objet d'études dans *Politique et culture à l'haïtienne*, essai paru en mai 2007 sous la plume de Castel Germeil et de Marie Marcelle Ferjuste. Dugé est aussi éditeur, correcteur et traducteur. Il a collaboré comme traducteur et correcteur à un dictionnaire bilingue créole-français sous la direction d'Albert Valdman pour le compte d'Indiana University • PUBLICATIONS: *Lettre à Dennery Ménélas in Bonjour voisine*, collectif Haïti-Québec (2013), Montréal, Mémoire d'Encrier.- (Dir) Marie Hélène Poitras; *Education et développement en Haïti : bilan et perspective(s)* in *Refonder Haïti ?*, (2010), Montréal, Mémoire d'Encrier. - Pierre Buteau, Rodney saint Eloi et Lyonel Trouillot (dir); *L'art et la foi chez Paul Claudel* in *Paul Claudel : perspectives critiques 2005*, (2008), Toronto, New York- Paris, Editions Legas.- Actes du Colloque international Paul Claudel en octobre 2005 • RECIT LITTÉRAIRE: *Doulè souvni yo* (2018), Boston, Lank Zetwal • POESIE (poetry): *Chuichui Chuichui* (2012), Les Cayes, Editons de l'île; *Mer des hommes, mère des îles* (2001), Les Cayes, Editions de l'île; *Pawòl Kanaval* (1999), Montréal, Sorhica; *Dans l'attente du jour, alléluia Marie* (1998), Les Cayes, éditions Dawill; *Paroles Eparses* (1998), Montréal, Lagomatik; *Tribò Babò* (1994), Boston, Orèsjoséf Publications, 1994. Imprimé à Montréal; *Dix versets d'amour* (1992), Port-au-Prince, s.e. (traduit en anglais en 1997); *Mélancolie* (1984), Port-au-Prince, Fardin. • INSERTION DANS DES ANTHOLOGIES: James Noel, *Anthologie de poésie haïtienne contemporaine*, (2015), Seuil, coll. Points; Kwame Dawes, *Blom of Stones : A Tri-lingual Anthology of Haitian Poems After the Earthquake* (2011), Editeur : K. Dawes, Directeur de l'Institut des Arts USC, Département d'anglais, Université de Caroline du Sud, USA.; Saint-John Kauss, *Poésie haïtienne contemporaine* (2009), Montréal, Passerelle.; James Noël (coord.), Revue d'Art et de Littérature, Musique (RAL, M), no. 42 (sept 2008), revue française, numéro spécial consacré à la poésie et la peinture haïtiennes du 20^e siècle.; La maison de la poésie et de la langue française, Wallonie-Bruxelle, Belgique, *Anthologie de poésie haïtienne* (2007); Georges Castera (et al.), *Anthologie de littérature haïtienne : un siècle de poésie 1901-2001* (2003), Montréal, Mémoire d'encrier • MANUELS CREOLES (Manuals in Creole): Auteur d'une collection de manuels (8) pour les classes du fondamental (1^{ère} à 8^e AF) éditée régulièremnt chaque année à Port-au-Prince à C3 Editions • DISTINCTIONS LITTÉRAIRES (Literary Distinctions) 2011, prix Joseph D. Charles de la Bibliothèque Georges Castera du Limbé; Juillet 2010, prix Senghor-Césaire de l'Assemblée parlementaire de la Francophonie avec l'Association des professeurs de Français d'Haïti 1999, lauréat du concours *Les*

Belles provinciales avec *Entre lune et miel*, publié dans le *Nouvelliste* mars 1985, le plus beau poème du mois, *Sauf*, publié à Port-au-Prince, en mars, dans une mensuelle culturelle dirigée à l'époque par Guy Cétoute.

DYESIFÒ, Mango. (Lexicon columnist). Ref. "Lang manman nou" (Our mother tongue), published in *Haiti Progrès* newspaper. [Ref. in *Petit lexique du créole haïtien* (1995, 2005) by Emmanuel W. Védrine]. [Creole lexicon : Leksik kreyòl].

[E]

Easy English: an introduction to English for Creole and French speakers. Oreste Renel Joseph, and Emmanuel W. Védrine. [Forthcoming | Liv ki pral pibliye • Glossary at the end of book : Glosè nan fen liv la (added by) Emmanuel W. Védrine (ajoute) • including phrases and idioms in the two languages (enkli fraz ak espresyon idiomatik nan de lang yo) • Introduction to English for Kreyol speakers (Entwodiksyon anglè pou kreyolofòn e frankofòn) • More than 1.400 words and idioms accompany them (Plis pase 1.400 mo ak espresyon ki vin ak yo • An introduction to English Kreyol and French speakers (une introduction à l'anglais pour les locuteurs créolophones et francophones)].

EDIKASYON KREYÒL NAN LEKÒL AYITI: (video : *video*) **CREOLE EDUCATION IN SCHOOLS IN HAITI.** [Courtesy *ITIA* *Haiti* organization. Boston, Massachusetts... Prezantasyon sou zounm òganizasyon *Itia HAITI*, 29 novanm 2000 : Zoom presentation of *HAITI* organization, November 29, 2020] • KÒMANTÈ /KESYON #1 Michel Degraff: Konsènan pawòl Emmanuel W. Védrine fèk di la a (sou entelekyèl k ap pale sou kreyòl an franse): Dènye egzanp mi wo mi ba sa a soti pam Akademisyen nan Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) kote Akademisyen Christophe Charles fèk pibliye yon atik an franse, kote I ap mande pou yo chanje ôtograf kreyòl la pou I vin pi sanble ak ôtograf franse. Rezonnan li a tèt anba nèt: li panse fòk grafi kreyòl la vin pi fasil pou sila yo ki déjà pale franse! Mwen bay egzanp sa a paske sa montre aklè pwoblèm ideyolojik frankofil pam entelekyèl nou yo. Pwoblèm lan grav anpil. Sa pral mande anpil vijilans wi. Nou ka vin pote kole sou paj sa a <http://MIT-Ayiti.NET> • KÒMANTÈ /KESYON #2 Henriot St Gerard: *Eske kreyòl la ka tabli jan sa dwa si pa gen yon lajan ki envesti pou pèmèt tout moun aprann sou tout sijè yo bezwen diskite?* KÒMANTÈ /KESYON #3 Michel DeGraff: Pwen sa a enpòtan wi – demagoji leta konsènan «lang ofisyèl» yo. Ata Konstitisyon 1987 la (ki bay 2 lang ofisyèl) rive amande nan lang franse sèlman. Tout ministè yo se pi plis an franse yo kominike alekri. Ata inivèsite d Ayiti kominike an franse nan kad fòmèl malgre rektè a se yon akademisyen (manm AKA). Kidonk, demagoji a toupatou. Ata alfabè Kreyòl la, Ministè Edikasyon Nasional twoouvel ap pwone yon chante kote se lèt alfabè franse a ki vin sèvi pou lèt alfabè kreyòl la. Fòk nou kalkile aspè jeyopolitik kesyon sa a tou – paske rive jounen jodi a frankofoni gen yon gwo enfluyans sou politik edikasyon an Ayiti. Sou dosye Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA): wi, mwen se akademisyen. Men, mwen toujou ap kritike demagoji ak koripsyon k ap fèt nan akademi an. Wikenn sa a, m ap ekri yon atik pou m kritike dènye pawòl akademisyen Christophe Charles k ap fè pwopozisyon tèt anba sou grafi fransè a. N ap jwenn pi plis kritik mwen sou AKA nan atik sa a <https://facebook.com/michel.degraaff/post/10156399700313872>. Fòk nou sonje pwoblèm medyokrite ak koripsyon se yon kansè ki gaye toupatou nan leta. Sa n ka fè, se kanpay konsyantizasyon pou tout sosyete civil la rive konprann pwoblèm lan, epi fòse leta fè chanjman ki nesesè. Nou bezwen yon mouvman ki gen menm enpak ak mouvman #KotKòbPetroCaribe a; KÒMANTÈ /KESYON #4 Getro Augustin <https://fb.watch/22-22-85Y3Che/> Michel DeGraff www.facebook.com/michel.degraaff/post/10155210971168872 Yon lòt echantyon rechèch an kreyòl sou kreyòl www.facebook.com/michel.degraaff/posts/10157162253988872 N ap jwenn pi plis sou sit sa a https://linguistics.mit.edu/linguistics_haiti/ M ap tou envite nou pataje resous sou kreyòl sou Platfòm MIT-Ayiti. Vrèman vre, nou gen rezon, lang kreyòl la pa vrèman «ofisyèl». An n gade, kòm egzanp, dènye Platfòm («Pratik») ki fèk parèt nan Ministè Edikasyon Nasional. Pifò materyèl yo se an franse sèlman. Ata batistè timoun yo se an franse sèlman • KÒMANTÈ /KESYON #5 Jean: M sonje sou yon sit leta, yo te ekri yon mesaj; li te chaje ak fot; m te ekri yo di yo ke li pa posib pou nan nivo sa a y ap ekri lang lan neglijan konsa. Yo pa t jan m fè m repons sou sa. Leta p ap janm fè anyen pou nou si nou menm nou pa leve kanpe kontinye ap travay e pwomote lang nou an • Kòmantè /Kesyon #6 MIMOFANM: Nou toujou ap tann leta • KÒMANTÈ /KESYON #7 Jean: Pouvwa a se nan men nou li ye wi. Se nou ki leta a. Se nou ki pou repanse bagay yo (kontinye motive tout moun, kontinye fè travay pa nou e pataje yo nan tout nivo ak kouch sosyal, elatriye. Akademi Kreyòl sa a se yon daso; KÒMANTÈ /KESYON #8 MINOFANM: Amèn wi, sè Myrto. Se nou ki pou pran kreyòl nou nan

men. KÒMANTÈ /KESYON #9 Federation PTI: Mèsi Wilson. Mwen kontan rankontre nou tout. M ap fè posib mwen pou m ka ekri lang nou an. KÒMANTÈ /KESYON #10 Michel DeGraff: Gwo pinga: pou kèk moun k ap pwone «bilengwis ekilibre» ak «parite lengwistik». Sa pa gen sans ditou pyès – ni sou fondasyon legal, ni sou fondasyon syantifik. KÒMANTÈ /KESYON #11 Jean: Mèsi Wilson! Kenbe pi dyanm. Pa janm moli! • KÒMANTÈ /KESYON #12 Michel DeGraff: N ap jwenn pi plis enfòmasyon sou pwogram Matènwa nan atik sa a www.facebook.com/michel.degraaff/posts/10155210971168872• KÒMANTÈ /KESYON #13 MIMOFANM <https://missionaryministry1family.org> Wi, yon lòt Ayiti posib • KÒMANTÈ /KESYON #14 Michel DeGraff: M espere n ava kontribye sou Platfòm lan selon kapasite nou <http://mit-ayiti.net/kontribye/> • KÒMANTÈ /KESYON #15 Geraldine Bogard: Mwen swete rete konekte avèk nou • KÒMANTÈ /KESYON #16 MIMOFANM: M gen on distribisyon manje mwen pral fè Ayiti pou granmoun, men m pral fè efò pou m bay platfòm nan zetren li nan fen ane a. M ap sev (konsève) ralonj lan • OArthur Almeda (BMBC): bravo pou tout moun!

Edike Jèn Ayisyen e Kominote Ayisyen nan Dyaspora. Educating Haitian Youth and the Haitian Community in Diaspora.

EDIKASYON AN AYITI, e nesesite pou yon refòm total ke gouvènman an ta dwe anvizaje fè (Soti depi nivo elemantè jiska fen segondè) : *EDUCATION IN HAITI, and the need for a total reform that the government should consider (From elementary level to high end)*. [Nou diskite sou sa nan liv nou, *Yon koudèy sou pwoblèm lekòl Ayiti*. Tout materyèl edikatif sa yo sou entènèt la pou ede fòme anseyan ayisyen, e pou konsantize yo sou reyalite Ayiti, pou devlope SIVISM tou, etan sitwayen (apò ke yo menm dwe pote pou ede nan kapasite yo, san rete gade sou lòt moun e san rete tann leta pou vin fè tout bagay (depi «a» jiska «z»... Lòt bagay enpòtan tou, sèke nou pa ka kreye materyèl an kreyòl sèlman, lè n konnen prejije ki genyen deja kont lang kreyòl la, lè n konnen enpòtans sa genyen pou tout timoun ta kòmanse aprann *fransè* ak *anglè* depi *senkyèm ane fondamantal*. Donk, kreye materyèl bileng (kreyòl – fransè, kreyòl – anglè) depi byen bonè pral ede ak yon *edikasyon bileng*, epi eseje kraze *prejije lengwistik* depi byen bonè. Se vre *syans lengwistik* fè konnen ke se nan *lang matènèl* la timoun tout kote nan lemond aprann pi byen, men an menm tan tou n ap gade reyalite lengwistik Ayiti ki yon *diglosi* (sétadi de lang sou teren an : yonn *lang matènèl*, yon *lang etranje* nou pa ka nye. N ap gade kote youn ladan yo ta domine plis /utilize plis, e kijan nou ka utilize yo byen, san kreye oken prejije ak yo)... Donk an jeneral, lè n ap pale de lekòl Ayiti, ou edikasyon... kesyon ki ka vin nan tèt nou se: (1) *Lekòl pou kilès?* (2) *Edikasyon pou kilès?* (3) *Pou ki klas sosyal?* (4) *Èske se menm korikilòm ki pral utilize nan tout lekòl (gwo lekòl prive, tout lekòl publik, tout lekòl kongreganis, e lekòl anba tonèl)?* Se sijè ki dwe debat publikman, dekwa pou tout moun jwenn yon bagay pou di... [E. W. Védrine, refleksyon me 2019].

Edikasyon Bileng Ayiti, Teyori e Pratik: Bilingual Education in Haiti, theory and Practice. Emmanuel W. Védrine. [Side by side translation model for practice in workshops : Modèl tradiksyon kòtakòt pou pratik nan seminè tradiksyon].

Edike Ayisyen Ayiti, e Ayisyen nan Dyaspora : *Educating Haitians in Haiti, and Haitians in Diaspora*. [Educational Audio show via what'sApp to reach out all Haitian communities in Diaspora and in Haiti, from 2017 0 2020]. Emmanuel W. Védrine.

EDIKASYON GRATIS pou tout ti Ayisyen Ayiti, e materyèl didaktik /pedagojik gratis pou ede yo (Free education for all little Haitians in Haiti, and free teaching materials to help them). [...] Jodiya, gen posiblite pou yo gen aksè a yon telefòn pòtab pou kominiike. Donk, si yo ta gen laboratwa konpwoutè, ti laboratwa syans nan lekòl y ale (tout kote Ayiti), se ta gran mèvèy. – An n konsantize tout lidè ayisyen nan tout domèn ou disiplin pou n ede tout ti Ayisyen rive jwenn yon edikasyon gratis ti cheri jiska fen segondè (bakaloreya). An n fòme yon konbit nasyonal pou mete materyèl edikatif an liy (sou entènèt la) gratis ti cheri an kreyòl, fransè, anglè, espayòl (4 lang yo dwe metrize san grata tèt avan yo ta fin etid segondè) pou gen aksè entènasyonal, jwenn bous d etid aletranje. – An n mete an liy tout liv ki fè pati *Korikilòm Edikasyon Nasyonal* la, enkli dokiman ak materyèl k ap ede ak sijè ou matyè ki nan korikilòm lan pou ranfòse l. An n publiye videoyo oryantasyon pou fòme anseyan (diferan nivo). – Si w se yon otè, ekriven, chèrchè, panse kijan w ka mete yon chapit liv ou gratis an liy (rezime l, di kijan liv ou publiye a ka sèvi pou ede elèv ak anseyan Ayiti (nan diferan nivo) oubyen kijan l ka adapte pou utilize l lekòl. – Plis ou bay goute siwo w ap vann nan, se plis moun ki pral achte l si l bon, epi vin pratik ou tou. Pa gen diferans ak *liv* w ap ekri: sa w mete

gratis an liy pou moun li sa w ap pwodui pou plis moun ka konnen pwodiksyon w, epi achte yo. (E. W. Védrine, refleksyon 14 jen 2021).

EDDY, Peter Armes (1941-). Doctoral Dissertation: "[Linguistics in the preparation of modern foreign language teachers](#)". 261 p. 1970. © 1971. University of Ohio. [Key subjects /Key word: Language, Literature, Linguistics].

EDUCA VISION. (Haitian publisher in diaspora).

Education should be free and mandatory for all in Haiti : ***Edikasyon ta dwe gratis e obligatwa pou tout moun Ayiti***. Emmanuel W. Védrine.

Editing & Translating: Edisyon & Tradiksyon : Édition & Traduction. Emmanuel W. Védrine.

Egoysis anndan legliz, e anndan ministè Bondye : ***Selfishness within the church and in God's ministry***. [Li enpòtan pou n esesye denonse sa. Se fason nou ka fè moun pran konsyans, epi chanje move atitid yo. Lè n ap pase yon seri pwoblèm an revi, pa panse yo egziste sèlman nan kominate ayisyen, men etan imen yo kay lòm an jeneral.

Pa etone w de prezans egoysis nan legliz Bondye tou. Bondye bay chak moun *don* pa yo. Kesyon an kounyeya se: *kisa n fè ak don sa a ou don sa yo pou aplike yo nan sèvis Li* (nan ministè Li premyèman)?

Gen kretyen ki pa reyalize sa yo ka fè (se *don* li ye, se jis mete l an aplikasyon pou sèvi Bondye, e ede lòt moun). Si ou nan yon ministè kèlkonk (anndan yon legliz, andeyò yon legliz), di Bondye mèsi dèske w ap fè yon travay pou avansman Wayòm nan. Ou pa bezwen eseye bloke lòt moun ki ka fè sa w ap fè a, si lòt moun vle fè sa w ap fè a. Si w aji konsa, se egoysis e li pa gen plas nan travay Bondye. Okontré, ou dwe kontan si w wè gen moun ki ka fè sa w ap fè a, ki ta renmen fè sa w ap fè a. Donk, ou dwe pozisyone w yon fason pou rete *ouvè*, pou ede e *ankouraje* yo. Konsa, w ap konnen gen plis moun *prepare* pou pran larelèv lè w malad e lè w ale.

Pa gade sa tankou yon *trèt* pou ta pèdi pozisyon w anndan yon legliz, ou anndan yon ministè. Bondye pran not de tout sa n ap fè, e kijan nou fè l pou glorifye non Li. -- Alafen, se Li menm tou ki va rekonpanse nou. Se sa k fè nou pa dwe parèt cho devan, oubyen kale kò n lè nou ka nan yon pozisyon pou n travay pou Bondye. Nou dwe depouye n de tout sa ki ta parèt kòm *ögèy* nan travay nou, epi ranplase l ak *lanmou*, ak *sajès* nan tout sa n ap fè pou avansman Wayòm nan.

Pa blyie ke n pa dwe la pou plè pèsòn; nou pa dwe la pou atann bravo nan men pèsòn, men kontante n sèlman de *opòtinite* Bondye ban nou pou n sèvi L nan yon *domèn* pandan n vivan. (E. W. Védrine, refleksyon 7 jiyè 2019)].

ENCARNACIÓN, Luis Armando Cuvas. [MOUVMAN POU LEKÒL KREYÒL : MOVEMENT FOR SCHOOL IN KREYOL](#). [Konferans patwone pa òrganizasyon ITIAHaiti : Conference sponsored by ITIAHaiti organization].

Egoysis, yon virus k ap detwi kominate ayisyen: Selfishness, a virus destroying the Haitian Community : L'égoïsme, un virus détruisant la communauté haïtienne. Emmanuel W. Védrine.

ELISCAR, James Douby Ralph. Master Thesis: "Environmental and Natural Disaster in Haiti: The impacts of failed policies from 2004-2010". University of Massachusetts-Boston.

English Bilingual Dictionary. Albert Valdman et al. iUniverse, Bloomington, IN. 2017. 1148 pages. Volume II of the "Dico Project". Volume I: *Haitian Creole – English Bilingual Dictionary*. Indiana University-Creole Institute. 781 + xxxiv pages. (Project director: Prof Albert Valdman; Emmanuel W. Védrine, Frenand Léger, Jacques Pierre, Nicolas André: native speakers editing team: ekip editè natif). [Teaching material for learners of Haitian Creole : *Materyèl pedagojik /didaktik pou moun k ap aprann kreyòl*].

English – Haitian Creole Bilingual Dictionary. 2017. 1148 p. (Project director: Prof. Albert Valdman; Emmanuel W. Védrine, Frenand Léger, Jacques Pierre, Nicolas André: native speakers editing team : ekip editè natif).

«**English - Haitian Creole - English Dictionary of Medical Terminologies».** (Unpub manuscript). Emmanuel W. Védrine. [Diksyonè Tèminoloji Medikal (anglè – kreyòl ayisyen – anglè) ... Se premye gwo travay rechèch nan domèn nan ki pral ekipl medsen, enfimyè, oksilyè, etidyan an medsin, etidyan nan lekòl enfimyè, etidyan k ap etidye pou vin oksilyè (nèsizèd), moun ki nan rechèch medikal ak moun ki enterese apwofondi konesans yo nan domèn sa a. Diksyonè sa a va sèvi yo yon gwo zouti referans, yon liv tou k ap bay lektè yo apeti li plis nan dokiman rechèch syantifik nan lang matènèl la, kreyòl].

ENGLE, Jayne. "Stories of tragedy, trust and transformation? A case study of educatio-centered community development in post-earthquake Haiti". McGill University, School of Urban Planning. Montreal, Canada.

Enstiti Kreyòl Indiana University-Creole Institute.

Enstiti Mizik (komin) Lazil : Lazil (L'Asile) Music Institute.

ÈSKE N AP KONTINYE TANN PAPA LETA?. Emmanuel W. Védrine, [pwezi : poetry](#). Koleksyon: «Kri pou liberasyon : Cry for liberation». [Are we going to continue to wait for Papa Leta?]

Ey! Ou menm wi!
Avè w m ap pale, Ayisyen.
Reveye w nan tout domèn,
pwofesyon, metye pou patisipe nan kanpay chanjman an tande!
Depi plis pase 200 ane, n ap tan Papa Leta.
Kriye! Kriye! Kriye!
Plenyen! Plenyen! Plenyen!
Manifeste! Manifeste! Manifeste!
Dechouke! Dechouke! Dechouke!
Boule kawotchou,
kraze brize tout tan
san n pa ka kreye...
Epi n refize aprann *devlope lidèchip*
pou n chanje mantalite n,
chanje sitiyasyon povrete n ye.
Pou bouche yon ti twou nan komin nou,
n ap tann Papa Leta.
Pou n jwenn manje chak jou,
n ap tann Papa Leta vin fè chanjman nan
agrikilti pou konbat lamizè ak lavichè.
N ap tann Papa Leta vin ban nou yon
plat manje cho.
Pou kraze *latrin* nan Pòtoprens (pou
sant yo pa kontinye dekonpoze moun),
e pou met konfò modèn,
n ap tann Papa Leta.
Pou ouvri yon ti wout nan komin nou
pou 2 machin pase san pwoblèm,
n ap tann Papa Leta.
Pou ouvri yon ti *lekòl tèt gridap* nan
komin nou pou *alfabetize* timoun,
n ap tann Papa Leta.
Pou jwenn yon *dlo* pou n bwè,

n ap tann Papa Leta vin kapte I,
vin fouye yon pui pou nou.
Menm yon ti rezèvwa an beton
yon gwoup peyizan pa ka met tèt ansanm
pou konstwi pou konsève dlo,
dlo lapli pou wouze tè,
y ap tan Papa Leta.
Pou konstwi yon ti *klinik* nan *komin* nou,
n ap tann Papa Leta.
Pou kreye, devlope kèk ti *biznis lokal*,
n ap tann Papa Leta.
Pou aprann 2, 3, 4 metye pou n siviv
san kontinye mande ou mennen yon vi mandyan,
n ap tann Papa Leta.
Kilè n ap aprann libere tèt nou pou n
pran responsablite n an men?
Nou pa reyalize Papa Leta demisyone
lontan lontan, depi syèk
pou n sispann pran mestin sou kont
pentad mawon?

Èske mòd edikasyon lekòl Ayiti ban nou pa soudevlope mantalite nou? : Doesn't the type of education we receive in school in Haiti underdevelop us mentally? [Nou bezwen tout yon kanpay pou dekolonizasyon mantal, pou n repedale kòm pèp, nasyon, e gwoup etnik].

Selon tip travay n ap fè, pousyè, labou ka sal rad nou, oubyen kò nou. Pa egzanp, si n ap travay latè, fè mekanik, fè kèk travay konbit, ou kèleswa travay ki ta sal nou... -- Nou ka toujou pwòpte nou aprè (lave, benyen) epi chanje rad nou... Men *objektif* nou se sa n gen entansyon akonpli (nan lavi oubyen kote n vle rive). Pa egzanp, li ta ra pou nou menm ki sot an pwovens pa ta konn fè *jaden, kiltive latè...* kèleswa nivo edikasyon nou ta gen chans atenn Ayiti.

Nou di «chans» pase jis rive nan nivo *bakaloreya* se ta yon *liks entelektyèl* konpare ak majorite moun nan popilasyon an ki pa konn *li ak ekri*, oubyen ki pa t gen chans al lekòl pou ta menm rive nan *senkyèm ane fondamantal* alevwa *sètifica* (lontan). Donk, yon jèn ki gen chans rive nan *nivo bakaloreya* ta dwe nan yon nivo pou l panse ke l nan ran yon *sèten elit entelektyèl* pou l ta fonksyonе kòm *limyè* pou *klere* sa yo ki nan *fènwa* toujou, pou l ta yon lidè nan zòn oubyen *komin* li pou ede sosyete a yon fason, yon lòt pase youn nan pwoblèm nou Ayiti sèke anpil fwa sa k *pi kapab* yo pa mete tèt yo nan yon nivo pou al ede sa ki *pi pa kapab* yo (pou ede yo monte, pou ba yo bon *konsèy* k ap ede yo, oryante yo nan bon wout).

Nou gen tout yon *sosyete egoysis*, ki devlope apati sa n ap pran *lekòl* (depi nivo matènèl), sitou si n ta leve nan yon fwaye ki pa t byen prepare nou (kijan pou n viv byen ak lòt, renmen pwochen, vwazen nou). - *Mèt* la oubyen *monitris* la, olye pou l ta aprann nou *travay an gwoup* pou reyalize yon seri ti *pwojè* (pa gwoup /an gwoup) prefere di nou «Bare kaye w pou Pòl, Polèt, Jak, Jaklin... pa gade sou ou)!».

Donk, nou grandi ak yon *filozofi kite mele m si vwazen m nan pwoblèm*; mwen pa gen pwoblèm. *Kite mele m pou moun k ap mache lwen apye*; mwen gen yon 4 x 4. *Kite mele m pou moun ki analfabèt*; mwen se yon entelektyèl. *Kite mele m pou moun ki nan blakawout*; mwen gen dèlko)... Men nan kèk lòt kilti, se lekontré, se revè a yo fè. Sétadi, depi nivo *matènèl*, yo mete gwoup timoun k ap travay ansanm (youn depan de lòt) pou reyalize yon seri ti pwojè. Se tout ki reyalize l; se menm nòt tout ap resewwa. Sa k ta parèt *pi fò* nan gwoup la pral idantifye sa k *pi fèb* yo pou mete tout moun nan menm nivo.

An rezime, kisa nou menm Ayisyen ka aprann de *siksè* kèk gwoup etnik nan avantay devlopman Ayiti? Èske n ap kontinye chante «Se gran peyi ki fè Ayiti jan l ye a... se gran peyi ki pa vle Ayiti devlope...»? oubyen se yon lòt lekòl panse ke n dwe devlope, epi pou n aprann travay di, aprann kreye sa n bezwen, aprann pwodui sa nou bezwen dekwa pou n *sispann depann* 100% (san pou san) de etranje? (E. W. Védrine, refleksyon).

Etid, Karyè, Pwofesyon nan peyi Etazini : Studies, Careers, Professions in the United States. (Majorite) Etidyan (etranje) ki rezide Etazini ka chwazi fè karyè ki ta plis baze sou koze *teknik, syantifik* (espésyalman sa yo ki te déjà avanse nan matematik, syans depi nan peyi yo). Konsa, yo pa gen pou yo goumen ak lang *anglè* a twòp. Epi toujou gen debouche, opòtinite travay nan branch *teknik* pou etidyan ki te chwazi sa nan lekòl Etazini (kolèj, inivèsite)...

Tanzantan, nou eseye bay kèk *konsèy* pou oryante etidyan Ayisyen (pou yo byen prepare depi nivo segondè, travay sou matematik, anglè, espayòl, fransè, konpwoutè, kou teknik ki ta ofri nan pwogram lekòl yo).

Yo dwe kapab nan nivo pou disète sou nenpòt *sijè* ki ta prezante devan yo pou *ekri* (disète) sou li san grade tèt. Donk, yo dwe toujou ap li tout bagay, sou tout *sijè*, kit yo ta parèt nan *jounal*, kit yo ta pibliye an liy (*online*), konnen sa k ap pase nan lemonn (sa k fè aktyalite), *lasyans, teknoloji, rechèch* (syantifik), *dekouvèt...*

Tout bagay sa yo sou entènèt la déjà, nan plizyè lang... Se richès *teknoloji* a ban nou jodiya pou n prepare nou, fè rechèch, kominike long distans pou n pran bon jan enfòmasyon, epi pataje yo ak lòt moun. (E. W. Védrine, refleksyon 24 janvye 2019).

ETIENNE, Corinne. Publications and Contributions: • "French in Haiti: Contacts and conflicts between linguistic representations." In D. Piston-Hatlen, C. Clements, T. Klingler, & K. Rottet (Eds.), *Pidgin-Creole Interfaces: Studies in honor of Albert Valdman*. (John Benjamins Publishers, in press.); (Etienne, C. & Sax, K.) "Teaching stylistic variation through film." *French Review*, 79 :5, (2006), pp. 934-950 • "Lexical particularities of French in the Haitian press: Readers' perceptions and appropriation." *Journal of French Language Studies* (Cambridge University Press), 15 (3), (2005), pp. 257-277 • "Language contact and readers' attitudes toward French in the Haitian press." In J. Auger & A. Word-Allbritton (Eds.), *The CVC of sociolinguistics: Contacts, variation, and culture*, IULC, 2 (pp. 21-33). (Indiana University, Bloomington, 2000).

Evalyasyon Lidè Ayisyen Ayiti an 2021. • Yo fè 100 sou 100 nan pale anpil, pale tenten san reflechi, san oken vizyon pou devlopman Ayiti nan yon lap de tan • Yo fè 100 sou 100 nan konte sou blan (peyi etranje) k ap vin ede Ayiti devlope (koutim tann blan vin fè) • Yo fè 100 sou 100 nan blofe pèp ayisyen lè sezon kanpay (ak pwomès malatyong) • Yo fè 2 sou 100 nan poze aksyon konkè • Yo fè 2 sou 100 nan aplikasyon reyalite lavi • Yo fè 2 sou 100 nan montre lidèchip dyam (efikas) pou sèvi kòm modèl pou replike • Yo fè 1 sou 100 nan valorize e espligate *resous imèn* (Ayisyen byen prepare ki ka ede Ayiti, ki nan dyaspora nan plizyè domèn)... Donk objektif (majorite) lidè Ayiti se: *pran pouvwa pou al volè dola*, epi pase pèp nan betiz («Se lolo m t ap lolo w pou vote m. Naje pou soti»). Zafè nou si n kontinye panse bandi sa yo pral fè yon bagay serye pou pèp ayisyen, pou ede pitit Sòyèt... Chak nouvo kandida pral vin ak yon *nouvo diskou* manipilasyon, tankou yon *kleren tranpe* n potko goute. Pa bliye bouche tou zòrèy nou lè y ap radote.

E. W. Védrine Creole Project Electronic Archives: Resources for Haitian Bilingual Programs, Research on Haitian Creole Language & Literature, Creole Studies & Linguistics.

E. W. Védrine ESL Lessons. [Lesson plan model to teach English as foreign language to beginners: Modèl plan lesón pou anseye anglè kòm lang etranje pou debitán : Modèle de plan de cours pour enseigner l'anglais comme langue étrangère aux débutants].

Kèk ENFÒMASYON kle pou ede kominate Ayisyen: Some key information to help the Haitian Community. Emmanuel W. Védrine.

L'ECOLE en créole: étude comparée des réformes des systèmes éducatifs en Haïti et aux Seychelles. Robert Chaudenson, Pierre Vernet. Agence de coopération culturelle et technique. 1983. 161 pages. [Schools in Creole: a comparative study of education system reforms in Haiti and the Seychelles].

M ap EDE w ak entansyon pou ede tèt ou, kominote w, komin kote w soti : I am helping you with the intention to help yourself, your community, and your municipality. [Se yon referans a moun ki Ayiti, e nou menm ki nan dyaspora k ap eseye ede fason ke nou kapab.

Premyèman lè n mansyone *ede*, anpil moun ka panse a *lajan* ke moun ap resevwa, lajan moun ap voye ba yo. Gen plizyè fason moun kapab *ede*. Pafwa nou kapab ede ak yon *konsèy*; nou mete w nan bon chemen (ba l bon direksyon). Sa plis ke lajan, plis pase plizyè milye dola nou te kapab fè yon moun kado. Si nou ba ou anpil kòb, nou pa di w sa pou fè avè l, nou pa gide w, ebyen kòb sa a kapab pase epi ou menm ou toujou rete pòv nan tout fason. Ou rete pòv nan lespri w, ou rete pòv ekonomikman.

Nou menm ki nan dyaspora, kèlkeswa kote nou ye, n ap voye kòb bay moun Ayiti, toujou di moun nan «*m ap ede w, men ou menm pou aprann ede tèt ou*». *Kisa sa vle di?* Ou ankouraje moun nan aprann yon metye; ou ankouraje l al lekòl (si se yon jèn ki lekòl toujou); ou ankouraje l aprann *anglè, espayòl, fransè...* konsa l ka travay kòm entèprèt avè touris. Ou ankouraje l al nan yon lekòl otelri pou l aprann fè manje oubyen tout pwogram yo gen nan lekòl otelri, e pi devan li kapab travay pi devan nan yon endistri touris, kèlkeswa kote l ta ye, li pran konesans lan. Donk, ou ede l nan yon sans pou l aprann ede tèt pa l, pou l aprann yon metye.

Gen yon seri jèn ki fè yon pwofesyon sou entènèt la, sou fesbouk kote y ap renmen ak moun yo pa janm rankontre. Moun sa a ap voye lajan ba yo, antre vin wè yo pafwa Ayiti, e pafwa yo konn mawon. Yo pa rankontre moun nan, men yo resevwa lajan moun. Genyen ki fè sa kòm pwofesyon olye y aprann yon vrè pwofesyon pou ta viv de li Ayiti.

Donk lè w ap ede yon moun pandan w nan dyaspora, si w pa ba l bon jan konsèy pou ede tèt pa l, ou pa reyèlman ede l nan yon sans. Ou mete l nan yon pozisyon li menm pou l apovri (vin pòv), pase w pa reyèlman ede l ak konsèy an tèm metye, pwofesyon pou l aprann. E tout metye ki sèvi nan sosyete a, si moun sa a apran 3, 4 metye l ap ka viv de yo. Pa egzant, tout jèn ki nan ventèn yo ta dwe gen yon lisans (pou kondi machin). Y ap kapab lwe pikòp pou bwote machandiz, machann, fè yon dal *aktivite ekonomik* lè yo konn kondi. Yo ka fè taksi, fè yon dal bagay.

Ou kapab *anfème yon tè* pou ennan; ou plante pwa ladan; ou plante yon bagay ou ka rekòlte rapid epi ou vann li. Tout sa se aktivite ekonomik ou kapab panse fè pa egzant lè w jèn. – Nou pa ka rete tann gouvènman k ap vin fè tout bagay pou nou.

Lè yon gouvènman monte sou pouvwa, li gen 5 an pou l fè. *Nan espas 5 ane sa a, kisa l kapab fè o maksimòm?* E si li menm pa t gen anyen nan tèt li oubyen objektif deja, se tan l ap vin pèdi ak akolit li (vòlè tout sa l te ka vòlè, vin rich) epi l al fè wout li. Ou menm, ou toujou rete pòv; ou toujou rete egare paske w pa t panse pou tèt pa w. Ou toujou ap tann moun, gouvènman k ap vin fè pou ou.

Donk, ou panse a sa: ki metye w genyen oubyen w konnen; ou nan ventèn ou, konbyen metye ou genyen? *kisa w kapab fè pou viv? E si dyaspora pa voye anyen ba ou pandan 6 mwa, èske w t ap siviv oubyen w t ap mouri?* Ou t ap chache yon bagay ou fè kanmèm pou manje. Mete sa nan tèt ou: moun k ap ede w la, li p ap la pou tout tan.

Li kapab mouri toudenkou; li kapab pèdi travay li pandan l nan dyaspora, epi l pa ka voye 50 dola li te konn voye ba ou a tout tan. Kisa ou pral fè pou viv, si w pa gen youn, de, twa metye pou viv ? Donk, ou aprann yon pwofesyon, aprann 3, 4 metye... konsa lè moun sa a pa kapab ede w ankò, ou menm ou kapab viv alèz Ayiti.

Nou konnen sitiyasyon ekonomik lan kòman l ye; li pa fasil, men fò w konnen tou se ou menm ki kapitèn bato w (ki kote w ap mennen l). Li pa fasil pou nou menm tou ki nan dyaspora pase fò n travay. Pafwa n pèdi travay nou. Nou gen anpil bil (fakti) pou n peye. Donk ou menm, fò w met sa nan tèt pa w si w gen kèk moun k ap voye yon bagay ba w, ou pa ka pran sa fè yon metye *mandyan* n ke ou menm ou pa travay.

Ou sipoze travay, aprann brase, kèlkeswa tit ke w ta genyen. Ou dwe al travay pou fè lajan. Ou pa ka rete konsa pou y ap ba ou tout tan. Men ou sipoze travay pou yo peye w (pou touche) pou kreye *libète ekonomik* ou. (E. W. Védrine, refleksyon 8 out 2019].

The ENGLISH LANGUAGE in Haiti : LANG ANGLÈ AYITI : LA LANGUE ANGLAISE EN HAÏTI.

[F]

Factors affecting the teaching and learninng of Haitian Creole in the Bahamas. Frenand Leger.

FAINE, Jules . (philologist).

FATTIER, Dominique. Thèse de Doctorat d'État (1998, préparée sous la direction du professeur Robert Claudenson). *Contribution à l'étude de la genèse d'un créole : L'Atlas Linguistique d'Haïti, cartes et commentaire*. Université de Provence. [«L'objet de cette thèse est double: il s'agit de proposer un grand corpus d'haïtien parlé, tout en tenant, par le commentaire du corpus, d'éclairer la genèse de cette langue. L'enquête a porté sur 20 localités du milieu rural où ont été interrogés des témoins unilingues. L'enquête a permis de constituer une banque de données fiables. La plus grande partie de la thèse est dédiée aux commentaires (vol. I et II) associés aux cartes (vol. III, IV, V, VI). Cet ensemble est accompagné d'une introduction, de conclusions, de deux index et d'une bibliographie. Nous nous sommes intéressés par-dessus tout aux implications génétiques découlant de l'examen des données géolinguistiques. Ce qui explique qu'en règle générale, dans les commentaires, l'accent soit mis sur l'analyse diachronique et comparative. Nous avons cherché à mettre en évidence, de façon systématique, le rôle du français (koïnè d'oïl) dans la formation du créole haïtien. L'examen du matériel linguistique collecté a permis de progresser dans la compréhension du phénomène de la créolisation. Le résultat le plus saillant de l'étude est la mise en évidence du caractère massif de l'héritage français. Nous avons accordé moins d'attention au rôle des langues de l'Afrique de l'Ouest, sauf dans quelques commentaires et dans les conclusions où se trouve explicité ce qui a pu être des influences africaines au plan sémantique et syntaxique.»]

"The Linguistic Atlas of Haiti, Maps and Commentaries: Contribution to the Study of the Genesis of a Creole Language. -- The purpose of the study is twofold: first, to elucidate the general processus of creolization of language in Haiti; second, to provide empirical input for further works. Our study centered on 20 localities. The methodology consisted of extensive interviews with illiterate unilingual peasants. The Atlas brings together authentic data. The major part of this thesis is taken up my commentaries (Vol. I and II) and maps (vol. III, IV, V, and VI). The whole is rounded off with an introduction, a few conclusions (pp. 974-992), two indexes (pp. 993-1016) and a bibliography (pp. 1017-1029). We were interested, above all, in the genetical implications that ensued from dialect investigation using the geolinguistic methods of dialect analysis. In general, in the commentaries, emphasis is laid upon diachronic and comparative study. Of special interest to us was the role or influence of French (koïnè d'oïl) in the formation of Haitian Creole (HC). The storehouse of information on dialects that has been compiled has attributed significantly to our understanding of the creolization phenomenon. The most important finding is the major role of the French Language in the genesis of HC. Relative little attention was paid to West African influences, except in part of some commentaries, and in conclusions that discussed the African legacy. Both of the syntax and the semantics of HC show West African reflexes."]

FEDNA, Enock. (pastor, educator : pastè, edikatè). A New Generation 4 (for) Haiti: Yon jenerasyon tounè pou Ayiti; school : lekòl).

FLEURY, Jean Senat. Former Judge (in Haiti), Historian, and writer of about 15 books. Many of them are about to be translated to other languages. First Black to become member of the Brookline Council in Massachusetts : Premye Nwa ki monte nan Konsèy Minisipal vil Brookling, Massachusetts, USA (Interview and comments on Haitian history : Entèvyou ak kòmantè sou istwa d Ayiti).

FOMBRUN, Odette Roy. [Mon pays, Haiti : Peyi m, Ayiti](#). [Bilingual text: Tèks bileng... Creole translation, by Emmanuel W. Védrine].

FONTIN, Yves-Mary. (Powèt ayisyen: Haitian poet). Publications: Bòs Lavo mouri, Dous Makòs an dèy; Defile Papiyon; Dèy; Pou Farah-Martine Lherisson Lamoth, Nancy Dorléans, Sébastien Petit ak lòt viktim yo; Raoul Guillaume, yon mizisyen an gran jan.

FOUAD, André. (poet : powèt).

FOWÒM MOUN LAZIL ([L'Asile](#)) People Forum. (Emmanuel W. Védrine, editor). See article: • [L'Asile, commune that can become a touristic attaction in Haiti](#): Yon komin ki ka vin tounen yon atraksyon touristik Ayiti. [Forum model to store documents for home commune or municipality in Haiti].

Fransizasyon Tèm Kreyòl -- Tèm kreyòl yo kapab parèt sou fòm leksik, yon pwovèb ayisyen (ki pa yon pwovèb o nivo entènasyonal). Sa k o nivo entènasyonal kapab pase nan lang kreyòl la. Lè n pran yon pwovèb tankou «*Bat fè a lè I cho*», se pa yon pwovèb ayisyen li ye. Se yon pwovèb o nivo entènasyonal ki pase yon lang a lòt. *Il faut battre le fer pendant qu'il est chaud* (fransè), *Strike while the iron is hot* (anglè), *Al hiero candante batirlo de repente* (espayòl)...

Kòman pwovèb sa yo pase o nivo entènasyonal? Gen yon liv /diksyonè pwovèb ki gen pwovèb an sèt lang ladan I (o nivo entènasyonal) ki tradui a pati laten, grèk. Donk, se konsa n ap wè anpil pwovèb ki pase atravè tradiksyon (de laten, grèk) yo vin pase nan yon nivo entènasyonal kote yo adopte. – *Il faut battre le fer...* se yon egzant pwovèb o nivo entènasyonal ki tradui, epi ki pase nan lòt lang. N ap jwenn pwovèb ki ayisyen ki pran orijin yo Ayiti (*pawòl granmoun*). Yo pa gen otè (diferan de *maksim* ki gen otè), donk yo (pwovèb sa yi) repete plizyè fwa, epi yo pase nan lang kreyòl la.

Pa (reyèlman) egziste yon *fransè ayisyen* men nou ka pale de *fransizasyon* «tèm kreyòl». *Kisa sa vle di?* Lè nou pran yon tèm kreyòl tankou *dechoukay*, nou ekri I alafransèz («déchouquaille /déchouquage») men yon fransè an Frans p ap konprann tèm nan. Kounyeya, fò n esplike I, pase se yon tèm kreyòl (kèk) Ayisyen (ka) fransize lè y ap ekri an fransè. Donk, fò ou mete yon asterik (*) bò kote I pou esplike nan yon *nòt detay* ou *nòt esplikasyon* («foot note») pou n di kisa *déchouquaille /déchouquage* vle di pa egzant.

Wi, nou kapab jwenn *dechouke* («déchouquer») apati *chouk*. Li enpòtan tou pou n gade *ansyen fransè*, pase pifò tèm kreyòl yo kreyolize apati *ansyen fransè*. Pou kisa nou di *ansyen fransè*? N ap gade premye diksyonè, ki soti an 1822 (?). Sètadi gen yon efò ki fèt an fransè (fransè). Avan sa, se diksyonè bileng ki te genyen. N ap jwenn diksyonè *laten* – *fransè*; *grèk* – *fransè*. Premye diksyonè inileng oubyen *monoleng* (Laroussse), li pral pibliye an 1822 (?). Sètadi ke, fransè ki te vini an Ayiti (*les aventuriers, les flibustiers*) nan epòk kolonyal, yo menm se *ansyen fransè* a yo te vin avè I.

Kounyeya, fò n al gade yon diksyonè *ansyen fransè* pou n gade kòman yon seri tèm *ansyen fransè* vin kreyolize pa egzant. An n pran mo «*collation*», (*Depi maten an mwen poko pran yon ti 'kolasyon'*). Kounyeya, fò n al nan yon diksyonè *ansyen fransè* pou n gade siyifikasyon mo *collation* (sans, oubyen semantik li), ki an rapò ak (*ti*) *dejene*. E konsa, yon seri tèm tou, kòman yo kreyolize (apati langaj avantirye sa yo), e ki kote yo sòti tou an Frans.

Avantirye ki te vin nan *nouvo mond* lan (nan tèritwa fransè) pa t moun (ki te gen) afè bon. Se te yon seri moun yo menm afè yo pa t bon an Frans. Se pa t yon seri *gran entelektyèl, invèsitè* yo te ye. Non! Donk afè yo pa t bon yo menm, yo t ap pran chans yo al lòt kote. Nou gen *les engagés* ou *les 36 mois*. Kisa sa vle di? Enben moun sa yo pa t ka menm peye bato pou yo te vin nan nouvèl koloni an. Yo te siyen yon kontra avèk mèt bato a, oubyen moun ki an chèf bato yo pou yo travay pandan 36 mwa. Yo te pran yon *angajman*. Oke, m ap travay pou ou pandan 36 mwa, aprè sa yo ta lib; yo p ap ka pran yo kòm *prizonye*.

Tout sa enpòtan pou nou konnen nan *lengwistik*. Se pa yon domèn ki sèlman teyorik, mèn fò w fè pati istorik la tou pou konnen plizyè bagay (kòman yon seri lang *transpòte* de yon kote a lòt, kòman *lang dominan* an antre nan koloni an, kòman *lang kreyòl* yo devlope...) Ou pa ka gen *lang kreyòl* san ke w pa t gen yon lang ki egziste oubyen lòt lang ki vini pa egzant kote youn ap pèse lòt. Donk lefèt ke w gen lang espayòl la natif natal nan yon seri andwa, sètadi ke lè Espayòl yo te rive nan yon seri andwa ebyen yo fè masak an grann pati pèp otoktòn ki te egziste. Si yo te kite yo, si yo pa ti tiye yo donk sètènman ta pral genyen nesans a yon lang tounèf. Donk, gwoup ki te rete yo (plis fanm), Espayòl vin fè pitit ak yo. *Mestiso* jan yo rele yo; lang natif natal yo pral espayòl (ki lang kolon an) pou konprann

fenomèn lang matènèl espayòl la, kòman ke li menm li devlope, pou kisa se pa devlope an yon *lang kreyòl* (ibrid). Li pa ka devlope yon *kreyòl* lè yo tiye majorite moun ki te pale tèl lang otoktòn ki te la. Pou l ta devlope yon *kreyòl*, fò ta gen moun ki otoktòn yo ki te pale yon lang. Lang sa a kontinye siviv pandan yon lòt vin sou tèren an. Gen tout sa pou nou gade an tèm teyori *pidjin*, devlopman *lang kreyòl* yo nan yon sans. Nou pa ka gen *devlopman lang kreyòl* san ke nou pa gen yon lòt pase *kreyòl* se yon *lang ibrid* (ki konpoze de 2 lang). Yon sèl lang pa ka bay nesans a yon *lang kreyòl*.

FREEMAN, Bryant. (1931 -)... He is primarily known for being the founder and director of the University of Kansas-Institute of Haitian Studies, one of the few such institutes in a major university in the United States... Among his several publications include one of the most comprehensive dictionaries of *Haitian Creole to English* (and later *English to Haitian Creole*) ever made, as well as specialty dictionaries such as medical terminology... Freeman edited a collection of the works of Carrié Paultre (Haitian novelist). He translated a letter written by Jean-Bertrand Aristide, to determine if he had actually stated his resignation. Among the classes taught until his retirement (in 2006: French, Haitian Creole (6 courses: beginning to advanced) and Haitian history... Freeman's books, including his *Haitian-English Dictionary*, are available from the KU Bookstore. Many of his books are also available for free (along with their audio supplements) on the KU Haitian Creole Resources. (Ref. Wikipedia)].

French underdevelopment, Haitian Creole and development. Benjamin Hebblethwaite. University of Florida. [Fransè soudevelopman, Kreyòl Ayisyen e devlopman].

FRIENDSHIP, AND ITS POWER. Friendship can play a key role to mental health and emotional growth. It can reduce the risk of depression. Where there is friendship, stress can be decreased in order to celebrate life. Friendship is essential to longevity.

AMITYE, E POUVWA L. *Amitye ka jwe yon gran wòl nan sante mantal e nan kwasans emosyonèl. Li ka redui risk depresyon. Kote ki gen amitye, estrès ka redui pou ka selebre lavi. Amitye trè enpòtan pou lonjevite.* (E. W. Védrine, July 15, 2019 – reflection).

Funérailles Nationales du Président de la République d'Haïti, SEM Jovenel Moïse : National Funeral of the President of the Republic of Haiti, His Excellency Jovenel Moïse.

Pour une FRANCOPHONIE vivante et populaire: Pou yon frankofoni vivan e popilè. (Ref., a text by President Nicolas Sarcozy in French. Translation in Haitian Creole by Emmanuel W. Védrine).

The FACES of Haiti: Resolute in Reform, Resistance, and Recovery. By Maryemma Graham, Brian Rosenblum, Kiran Jayaram, C. B. Claiborne. [A Report from the Haiti Research Initiative]. 38 pages. © 2010, 2020 by Project on the History of Black Writing Foreword © 2020 by Cécile Accilien.

[G]

A NEW GENERATION 4 HAITI: Yon jenerasyon tounèf pou Ayiti. [School : Lekòl -- A New Generation for Haiti provides food, shelter, and quality education on a daily basis for over 500 children and adults in *Les Cayes (Okay)*, Haiti. The hope is that everything the organization does brings the message of the Gospel of God's saving intervention in Christ Jesus to the next generation of Haiti, demonstrating that love through meeting tangible needs of Haiti's children. -- *A New Generation for Haiti bay nouriti, abri e yon edikasyon de kalite chak jou a plis pase 500 timoun e adil nan Okay, Ayiti. Espwa a, sèke tout sa òganizasyon an fè, li pote mesaj entèvansyon Sali Levanjil Bondye nan Jezikri a fiti Jenerasyon sa a kote l reponn a bezwen esansyèl pitit Ayiti.* (Pastor Enock Fedna, Executive Director : Pastè Enock Fedna, Direktè Ekzekitif)].

GABEAU, Geralde. (Executive Director, IFSI [Immigrant Family Services Institute]). Boston, Massachusetts.

GARDY, Addy Jean. 150 Manti nan Istwa Ayiti (videyo: video) *150 Lies in Haiti's History*. [Yon Chita pale ak jounalist Pierre Richard Guillaume: An interview with journalist Pierre Richard Guillaume].

GEORGES, Joseph Marcel. [Full Curriculum Vitae]. See [A Bibliography of Theses and Dissertation related to Haiti from 2011 - 2020](#). Career Educator; Ph.D student in Social and Human Sciences; Master's degree in Language Science, Master 1 and Master 2 in Communication and Didactic from French Foreign Language; Professor of French and Creole morph syntax at UEH; Designer and Facilitator of Scientific Activities; Thematic lexicon project coordinator; Educational advisor in the teaching of French and Creole at the fundamental level; Translators of texts "French ↔ Creole"]. Research Experience: 2014 - 2016: Coordinator of thematic lexicons (Bilingual lexicon of legal terms - Bilingual lexicons of the Haitian *compas* music). Faculty of Applied Linguistics, State University of Haiti.; 2015 (July): "Language practices among Haitian children overseas: the case of children who emigrated to Florida". Faculty of Applied Linguistics, State University of Haiti.; 2009 (October): "L'anaphore en didactique du français écrit". (Master 2 thesis). University of the West Indies and French Guyana.; 2008 (June): Co-author of "Didactique équilibré français / créole en contexte haïtien". (Research done for account of OIF); 2006 (June): "L'enseignement de la grammaire en 2ème cycle fondamental. Quelle méthodologie?" (Master's thesis). University of the West Indies and Guyana.; 2005 (December). "Dlo: zanmi nou, ènmi nou". (Research done for account of Care, Haiti.); 2003 (June): "Lexical creativity processes in Haitian Creole". (Work done under the licensing program)... Membre de la Faculté de Linguistique Appliquée (FLA), Université d'État d'Haïti : Member of Faculty of Applied Linguistics, State University of Haiti.

Gid Ijyèn Jeneral, Distans Sosyal pou mentni, e Gid pou Rès (ou dechè) manje, kòmann manje nan restoran, e makèt k ap vann pwodui alimantè. Cambridge Public Health Department. (Emmanuel W. Védrine: Haitian Creole translation from English). March 2020. [*General Hygiene Guide, Social Distance to Maintenance, and Guide to Leftover (or Waste) Food, Food Ordering in Restaurants, and Grocery Selling Food*].

GIFRANTS (Marcien Guy-Frantz Toussaint). [Mizisyen ayisyen : Musicien haïtien : Haitian musician].

GILBERT, Myrtha. "Contexte politique et socio-économique de la répression sanglante de 1969" . Dec. 2019. [Political and socio-economic context of the bloody repression of 1969].

Good luck to Haiti's next president. Emmanuel W. Védrine. *Boston Haitian Reporter*, Vol. 6. Issue 12.

